



Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO KONFIME 13 KA CORONAVIRUS ADISYONÈL NAN ETA NEW YORK - KI BAY YON TOTAL 89 NAN ETA A

*Gouvènè a te deklare Eta Dijans bonè jodi a pou akselere akizisyon founiti pou netwayaj yo ak ekipman pou fè tès yo*

*Te mande pou fè investigasyon sou abi nan pri ilegal yo ki lye ak epidemi an - Konsomatè yo ka rapòte abi yo sispèk yo lè yo rele 1-800-697-1220*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te konfime 13 ka nouvo Coronavirus adisyonèl nan Eta New York apati dènye mizajou li a bonè nan jodi a, sa ki bay yon total 89 ka konfime. 13 nouvo ka yo idantifye depi dènye mizajou Gouvènè a twouve yo nan konte Westchester.

Nan total 89 moun nan Eta New York tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Westchester: 70  
Vil New York: 11  
Nassau: 4  
Rockland: 2  
Saratoga: 2

"N ap travay pou fè plis tès osi rapid sa posib pou jwenn moun ki enfekte epi ede kontni pwopagasyon viris la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pral genyen plis ka akòz n ap teste plis moun - se yon bon bagay paske, lè sa a, nou ka fè fas ak sitiasyon ki chita sou plis reyalyte. Nou konnen anviwon 80 pousan nan sila ki enfekte yo pral rezoud poukont yo. Pi bon fason pou kalme anksyete se demontre konpetans nan gouvènman absolli epi se egakteman sa n ap fè."

Pandan yon kontrandi sou nouvo Coronavirus la bonè jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke li [te deklare yon eta dijans](#) pou li ede New York kontni pwopagasyon viris la pi rapid ak plis efikasite. Deklarasyon Eta Dijans lan pèmèt, pou nou site sa yo sèlman:

- Akizisyon akselere founiti netwayaj, dezenfektan pou men ak lòt resous esansyèl yo
- Pèmèt pwofesyonèl ki kalifye men ki pa doktè ak enfimye fè tès yo
- Akizisyon akselere founiti pou tès ak ekipman yo
- Entegrasyon akselere anplwaye yo

- Lwe espas laboratwa yon fason akselere
- Pèmèt anplwaye EMS yo transpòte pasyan yo pou mete yo nan lye an karantèn yo ki pa jis lopital yo
- Bay yon baz klè pou abi nan pri yo ak ankèt lapolis

Anplis de sa, Gouvènè a te mande Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Consumer Protection Division) Depatman Eta (Department of State) New York la pou lanse yon envestigasyon sou rapò ogmantasyon enjis pri pwodui konsomatè yo tankou founiti netwayaj nan kay ak dezenfektan pou lave men nan mitan epidemi nouvo coronavirus la epi te lanse yon liy asistans gratis - 1-800-697-1220 - pou Nouyòkè yo rapòte abi nan pri yo sispèk.

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a te kreye tou yon fòm plent konsomatè sou entènèt, kote Nouyòkè yo ka rapòte abi nan pri yo sispèk yo oswa preyokipasyon sou livrezon kantite ki pa apwopriye. Konsomatè ki swete depoze yon plent ka ale sou <https://www.dos.ny.gov/consumerprotection/>.

Tout plent kredib yo pral refere bay biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la.

Nan kontrandi yè a, Gouvènè Cuomo te anonse konpayi asirans vwayaj ak ajans vwayaj yo pral ofri rezidan ak biznis nan New York yo kapasite pou achte kouvèti lè y ap fè plan vwayaj yo ki ap otorize yo anile yon vwayaj pou nenpòt rezon, ki gen ladan pou rezon ki gen rapò ak COVID-19 la.

Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) [te pibliye konsèy](#) ki pèmèt ajans vwayaj yo ak konpayi asirans vwayaj yo ofri kalite kouvèti sa a apre DFS te resevwa plent konsomatè yo ke politik sa yo pa te disponib nan Eta New York la. Nouvo mezi sa a fèt pou rasire biznis ak rezidan New York yo ki ap chèche fè plan ki ka enplike vwayaje nan kote ki kounye a pa anba avètisman sou vwayaj akòz COVID-19 la.

Gen sis konpayi asirans mondyal ak nasyonal ki dakò pou ofri kouvèti "anile pou nenpòt rezon" an pou vwayajè yo, enkli: Allianz, Nationwide, Starr Indemnity, Berkshire, Crum & Forster, ak Zurich.

DFS te mande emisè asirans vwayaj nan Eta New York yo pou jwenn rapidman moun ak biznis ki te achte règleman yo pou fè yo konnen sa ki kouvri yo.

Li yon kopi [Lèt Oryantasyon pou Asirans DFS la](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)